

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Gelarna kabudayaan mangrupa hasil interaksi manusa jeung sakabéh eusi alam dunya. Manusa miboga kamampuh daya, misalna akal, rasa, emosi, kahayang, jeung paripolah. Ku ayana éta kamampuh, manusa bisa nyiptakeun kabudayaan. Tangtuna, éta kabudayaan téh kudu diriksa ku manusa sangkan kabudayaan tetep nanjeur.

Wewegna budaya bangsa Indonesia téh ku lantaran hirup-huripna rinéka budaya daérah, sarta diwengku ku sababaraha wewengkon nu tangtuna miboga kabudayaan béda-béda. Salasahiji wewengkon nu aya di Indonesia nya éta Jawa Barat anu mayoritas sekésélér Sunda, sarta euyeub pisan ku kabudayaan. Salasahiji kabudayaan di Jawa Barat nya éta tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.

Ciamis téh salah sahiji kabupatén di Provinsi Jawa Barat. Perenahna paeunteung-eunteung jeung Kabupaten Tasikmalaya (*kidul jeung kulon*), Kabupaten Majalengka jeung Kuningan (*beulah kalér*), Kota Banjar (*beulah wetan*). Di wewengkon Kabupatén Ciamis béh kalér aya Désa Jagabaya anu kaasup ka Kacamatan Panawangan. Di éta désa masih kénéh sok diayakeun hajat bumi, nya éta tradisi urang Jagabaya dina raraga nembrakkeun rasa sukur ka Pangéran ku cara ngayakeun helaran budaya jeung jaroh ka makam luluhur atawa karuhunna anu perenahna aya di tabet karamat Jagabaya. Ari tradisi hajat bumi téh diayakeunana sataun sakali, unggal bulan Muharam tanggal hiji.

Tradisi daérah bisa dijadikeun asét kabudayaan daérah. Kitu deui tradisi hajat bumi Désa Jagabaya, mangrupa salasahiji asét kabudayaan di Kabupaten Ciamis. Nepi ka kiwari, éta tradisi masih dipaliré sok sanajan teu sakabéh warga di Kabupaten Ciamis mikanyaho kana éta tradisi.

Luyu jeung nu diébréhkeun ku para ahli kabudayaan, di antarana Herkovits dina Suratman (2013, kc. 32), kabudayaan nya éta bagian tina lingkungan hirup nu diciptakeun ku manusa. Nurutkeun Koentjaraningrat (1985, kc. 1), kabudayaan dina harti jembar nya éta sakabéh hasil tina mikir, jeung hasil karya

manusa anu teu ngindung kana nalurina. Éta hal bisa dihontal ku manusa sanggeus ngaliwatan prosés diajar.

Ralph Linton dina Suratman (2013, kc. 31) nétélakeun, yén kabudayaan bisa disawang salaku *konfigurasi* diajar paripolah jeung hasil paripolah nu geus diajarkeun, dimana unsur pangwangunana dirojong jeung dituluykeun ku anggota masarakat séjénna. Nurutkeun Ihromi (2006, kc. 18), kabudayaan téh dumasar kana rupa-rupa aspék kahirupan anu ngawengku paripolah, kapercayaan, jeung sikep, ogé hasil tina kagiatan manusa anu has pikeun hiji masarakat atawa kelompok masarakat nu tangtu.

Ku ayana sababaraha aspék kabudayaan di luhur, Koentjaraningrat (1985, kc. 2) ngébréhkeun unsur kabudayaan, nya éta: (1) sistem réligi jeung upacara kaagamaan, (2) sistem jeung organisasi kamasarakatan, (3) sistem pangaweruh, (4) basa, (5) kasenian, (6) sistem pakasaban hirup, jeung (7) sistem téhnologi jeung pakakas hirup. Luyu jeung éta hal, jéntré pisan yén tradisi hajat bumi téh mangrupa sitem religi jeung upacara kaagamaan nu kaasup kana salah sahiji unsur kabudayaan.

Salian ti ngabogaan unsur-unsur, kabudayaan ogé miboga simbol séwang-séwangan. Kitu deui dina tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis, tangtu miboga simbol-simbol nu nyangkaruk sarta perlu dipikaweruh sangkan bisa maham kana éta tradisi sagemblengna. Upama geus bisa ngahontal kana éta hal, urang Sunda, hususna urang Ciamis lain ngan saukur apal kana tradisi hajat bumi nu aya di Désa Jagabaya. Tapi, ngarti kana unsur sémiotik nu nyangkaruk dina éta tradisi.

Dipedarna unsur sémiotik nu nyangkaruk dina tradisi hajat bumi di désa Jagabaya, ogé bisa dipaké pikeun bahan ajar anu aya patalina jeung kabudayaan daérah, hususna dina pangajaran Basa Daérah (Sunda). Bahan ajar nu patali jeung ieu hal, nya éta dina pangajaran maca artikel ngeunaan budaya nu ditepikeun di kelas XII SMA/SMK/MA. Éta hal luyu jeung KIKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda.

Tina sawatara skripsi nu geus dibaca, aya sawatara nu medar ulikan sémiotik sarta dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda, di antarana:

1. “*Tradisi Ngaruat Lembur di Desa Tanjungsiang Kecamatan Tanjungsiang Kabupaten Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA kelas XII (Ulukan Sémiotik).*” (Skripsi Wini Widiastuti, 2014) nu medar unsur-unsur sémiotik dina tradisi ngaruat lembur, sarta hasil panalungtikanana dilarapkeun dina bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.
2. “*Unsur Sémiotika dina Tradisi Nyepuh di Desa Ciomas Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA.*” (Krisna Amelia, 2014) nu medar prak-prakan tradisi nyepuh, unsur-unsur sémiotika nu kapanggih dina éta tradisi, sarta larapna hasil panalungtikan pikeun bahan artikel budaya.
3. “*Tradisi Babarit di Kampung Cibenda Kacamatan Banjarsari Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA (Ulukan Struktural jeung Sémiotik).*” (Skripsi Reni Anggraeni, 2015) nu medar unsur-unsur semiotik dina tradisi babarit, sarta hasil panalungtikan dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.
4. “*Upaya Pelestarian Tradisi Hajat Bumi di Desa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis.*” (Jurnal Jurusan Pendidikan Geografi Universitas Siliwangi, Yosi Yusilawati, Siti Fadjarajani, 2011) nu medar prak-prakan jeung upaya pelestarian tradisi hajat bumi.

Sawatara judul skripsi di luhur ngulik budaya tina unsur sémiotik. Tapi, unsur sémiotik dina tradisi hajat bumi, sarta dilarapkeun dina pangajaran maca artikel budaya mah can aya nu nalungtik, ogé numutkeun sesepuh jeung masarakat nu wanoh kana tradisi hajat bumi, yén nu nalungtik ieu tradisi téh kakara saurang. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Tradisi Hajat Bumi di Désa Jabagaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA (Ulukan Sémiotik).” Kudu dilaksanakeun, sangkan nu maca bisa jembar pangaweruhna ngeunaan budaya Sunda dirojong ku bahan bacaan nu *variatif* tur jadi *investarisasi* budaya daérah.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina tradisi hajat bumi Désa Jagabaya, aya unsur sémiotik anu nyangkaruk jeung perlu ditalungtik sangkan bisa maham kana éta tradisi sagemblengna. Nurutkeun Sobur (2013, kc. 15), sémiotika nya éta hiji élmu atawa mode analisis pikeun maluruh jeung medar hiji tanda. Charles Sander Peirce nya éta salah saurang ahli filsafat Amerika (1839-1914), méré ngaran élmu tanda téh ku sebutan *semiotik*.

Peirce dina Santosa (2013, kc. 15), ngagolongkeun dumasar kana hubungan kanyataan jeung dasarna. Éta hal ditilik tina pelaksanaan fungsi salaku tanda, nya éta, ikon, indéks jeung simbol.

Sangkan pedaranana teu lega teuing, ieu panalungtikan diwatesanan kana ngadéskripsikeun sajarah, prak-prakan dina acara helaran, simbol-simbol anu aya dina tradisi hajat bumi sarta larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya saperti di handap.

- 1) Kumaha asal-muasal tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis?
- 2) Kumaha prak-prakan tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis?
- 3) Unsur sémiotik naon waé nu nyangkaruk dina tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan tradisi hajat bumi dina pangajaran maca artikel di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya di Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis, sarta pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan kabudayaan.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, tujuan anu dipiharep bisa dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun saperti ieu di handap.

- 1) Tradisi hajat bumi nu aya di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis.
- 2) Prak-prakan tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis.
- 3) Unsur sémiotik nu nyangkaruk dina tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis.
- 4) Larapna hasil panalungtikan tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis dina pangajaran maca artikel di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat sacara tioritis nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan, nya éta bisa ngeuyeuban pangaweruh anu patali jeung kabudayaan Sunda, ngeuyeuban data ulikan semiotik tina tradisi nu aya di tatar Sunda, jeung nambahan *referensi* artikel budaya nu bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* bahan ajar dina pangajaran maca artikel di SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat sacara praktis nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Panalungtik, budayawan jeung masarakat

Mangpaat tina hasil panalungtikan bisa nambahan pangaweruh jeung wawasan ngeunaan budaya Sunda, nambahan data jeung dokumentasi tradisi budaya kana tradisi-tradisi nu aya di tatar Sunda, sarta mikanyaho ajén-ajén

luhung nu nyangkaruk dina éta tradisi, ngaliwatan tilikan sémiotik dina tradisi hajat bumi.

2) Guru

Pikeun nambahan bahan pangajaran basa Sunda, hususna dina pangajaran maca artikel budaya di kelas XII.

3) Siswa

Pikeun nambahan pangaweruh siswa ngeunaan tradisi-tradisi nu aya di Tatar Sunda. Salian ti éta, dipiharep bisa numuwuhkeun karep pikeun ngaraksa jeung ngariksa budaya Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, nya éta nu ngawengku kasang tukang masalah, watesan, jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan tiori. Eusina ngeunaan tiori tradisi hajat bumi, jeung sémiotik sarta bahan pangajaran maca artikel.

BAB III Metodologi panalungtikan. Dina ieu bab eusina ngeunaan desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan oprasional, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data panalungtikan, jeung téhnik ngolah data panalungtikan.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina ieu bab eusina ngeunaan asal-muasal tradisi hajat bumi, prak-prakan tradisi hajat bumi, unsur sémiotik dina tradisi hajat bumi, sarta larapna hasil panalungtikan tradisi hajat bumi dina pangajaran maca artikel budaya di SMA.

BAB V Panutup, nu ngawengku kacindekan jeung saran. Dina ieu bab, eusina mangrupa kacindekan tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun lajuning laku panalungtikan.